



www.rsf.org

LIBETE LAPWES

10 oktob 2005

Secrétariat international
Bureau Amériques

5, rue Geoffroy-Marie
75009 Paris France
Tél : (33) 1 44 83 84 68
Fax : (33) 1 45 23 11 51
E-mail : ameriques@rsf.org
Web : www.rsf.org
www.press-freedom.org

Imprimé sur papier



Clairefontaine

AYITI

**Lèt l'ouvwi pou tout kandida kap patisipe nan eleksyon 20
novanm 2005 ak 3 janvyè 2006**

Moun ki gen pou-l Pwesidan-an dwe koupe fache ak kesyon enpinite-a.

Pou :

Charles H. J. Marie Baker, Marc Louis Bazin, Casimir Bélizaire, Joël Borgella, Philippe Jean-Henold Buteau, Claude Bonivert, Paul Denis Hubert Déronceray, Marc Antoine Destin, Joseph Rigaud Duplan, Edouard François, Reynold Georges, Serge Gilles, Gerard Gourgue, Jean Chavannes Jeune, René Julien, Emmanuel Justima, Leslie Manigat, Luc Mesadieu, Samir Georges Mourra, Evans Nicolas, Evans Paul, Frantz Perpignan, Guy Philippe, René Préval, Himmler Rébu, Franck François Romain, Charles Poisset Romain, Judie Roy, Yves Maret Saint-Louis, Jean Jacques Sylvain, Dany Toussaint.

Mesye-dam,

Kanpay pou eleksyon pwezidansyèl ak legislativ 20 novanm ak 3 janvyè kap vini-an fèk louvwi ofisyèlman. Ou menm ki enskwi kòm kandida pou pòs pwezidan nan peyi d'Ayiti. Kòm ou konnen, kandidati-w la se yon angajman lè-w' fin pwezidan ou pap sèlman gadyen konstityon-an ak lòt enstitisyon peyi-a. Antan ke moun pèpla ka swazi, ou gen yon gwo responsablite sou do-w pou-w fè respekte tou règ demokwatik yo nan peyi-a, libète lapwès se youn nan poto mitan yo.

Sitiasyon jounalis ak media yo gen yon enpòtans kapital pou sante demokwatik yon peyi. Repòtè san fontyè se yon òganizasyon ki la pou veye sou libète lapwès nan lemond, nan yon misyon ke-n te fè nan dat kite 22 ak 28 septanm nan peyi-a nou konstate-l yon lòt fwa. Nan misyon sa-a nou te rankontwe ak jounalis, direktè medya yo, avoka, jij yo, polisye, akmanm òganizasyon kap defann dwa moun, nou te rankontwe tou ak minis kilti ak kominikasyon ki la-a madanm Magali Comeau Denis, yo konstate ke lane 2005 lan se yon lane melanje. Konstatasyon sa-a fè nou pwan plis pwekosyon. Nou ta espere moun kap antwe nan palè-a 7 fevwiye 2006 la ta pwan bagay sa-a yo avèk anpil enpòtans.

Nan 2 dènye misyon nou te fè an Ayiti nan mwa jen 2004 ak septanm 2005, Repòtè san fontyè te konstate genyen amiliorasyon nan libète lapwès-la depi apwè gouvènman Aristide-la fin tonbe 29 fevwiye 2004-la. Jounalis nou te rankontwe yo di ke yo travay pi kal, yo genyen plis libète pou yo di sa yo panse e yo pa pè atak pouvwa leta-a. Men sa pa vle di ke jounalis yo travay san difigilte akòz ensekirite-a ki toujou la.

Reporters sans frontières défend les journalistes emprisonnés et la liberté de la presse dans le monde, c'est-à-dire le droit d'informer et d'être informé, conformément à l'article 19 de la Déclaration universelle des droits de l'homme. Reporters sans frontières compte neuf sections nationales (Allemagne, Autriche, Belgique, Espagne, France, Grande-Bretagne, Italie, Suède et Suisse), des représentations à Abidjan, Bangkok, Istanbul, Montréal, Moscou, New York, Tokyo et Washington, et plus de cent correspondants dans le monde.

Lane 2005 lan te kòmanse twè mal avèk lanmò Laraque Robenson, ki tap twavay nan radyo tele kontak nan tigwav. Li te pwan 2 bal youn nan kou lòt-la nan tèt, jou ki te 20 mas lè te gen tire ant MINUSTAH ak ansyen militè yo, jenn jounalis sa-a ki te gen 25 lane te rive mouri nan yon lopital **Kiba** jou ki te 4 avwil-la. Resilta ankèt ke MINUSTAH tap menen-an pa janm pibliye, sa rete antwe-yo. Bagay sa-a yo vinn mete yon fwadè ant MINUSTAH ak gouvènman pwovizwa-a.

Relasyon MINUSTAH avèk gouvènman ki pwal eli-a pwal depann ak retou eta de dwa. Jounen jodia, MINUSTAH, lapolis ak la jistis poko ka gen kontwòl pwè 200.000 zam ilegal kap sikile nan kat kwen peyi d'Ayiti.

Yo poko rive mete fwen ak yon santènn gann kap simen latèrè e kifè kidnaping kòm pwensipal aktivite kap rantwe lajan pou yo depi 1 nan. Dapwè MINUSTAH, yo bay kidnapè yo 6 milyon dola pou liberasyon moun yo kindnape pandan 6 dènye mwa sa yo. Nan moman difisil sa yo lapwès an Ayiti se pi gwo viktim.

Jou kite 16 jen-an, **Nancy Roc**, yon jounalis kite konn fè yon emisyon yo rele "Metropolis" nan radyo metwopòl, te oblije kite Ayiti apwè-l te finn pase yon semèn ap resevwa menas kidnaping nan telefòn. Jounalis-la tap ankete sou afè trafik zam ak dwòg, li te oblije pati lèl' te vin konnen yo rive nan dènye bout pou yo kidnape-l'. 11 jen, **Richard Widmaier**, direktè radyo metwopòl-la te rive sove nan yon atak kindnapè yo te fè sou li nan pòtopwens.

Jacques Roche, jounalis, chèf sèvis kiltirèl nan jounal "lematen", pat gen chans. yo kidnape-l jou ki te 10 jyè nan pòtopwens apwè 4 jou li mouri anba mati. Dapwè enfòmasyon, kidnapè yo te ekzije fanmi-l pou yo bay 250.000 dola. Enfòmasyon yo di tou 11 jyè nan apwè midi, fami Jacques Roche ak sal nouvèl jounal lematen-an te bay kidnapè yo 10.000 dola apwè yo ekzije pou yo bay rès 240.000 dola kirete-a. 13 jyè yo mande 50.000 dola. Lè yo vin konnen kiyès moun yo kidnape-a, e yo konnen l' te anime yon emisyon pou goup 184, yon mouvman opozisyon diran Jean Bertrand Aristide te sou pouvwa-a, ki te konn pase sou tele Ayiti ak televizyon nasyonal. Yon jounalis nan jounal lematen ki te chaje pou l' negosye avek bandi yo, tande yo di "ou fè kidnape pwezidan Aristide menm tan sa-a ou moutwe nou kidnape". Nan moman sa-a afè Jacques Roche-la vin tounen yon bagay politik.

Tout bandi sipoze ki te patisipe nan pwan Jacques Roche-la se manm gwoup "rat pa kk" kap simen la tèrè nan katye bèlè pòtopwens. MINUSTAH ak polis nasyonal-la te arete 3 ladan yo: Roger Etienne alias "Ti Edga" 16 jyè, Flaubert Forestal avèk Jules Mentor, 22 jyè. Dapwè sa yo di, moun yo rele Ala maskay, "Ti Reginald" Peter Dansere (mouri nan sektanm nan yon entèkansyon MINUSTAH) Johnny Céron, Dérosiers Becker alias "Ti yabout" avèk Nicolas Augudson alias "général toutou" chèf "rat pa kk" yo te patisipe nan anlèvman e touye Jacques Roche. Repòtè san fontyè kontan paske ankèt sa-a mache rapid men li ta renmen pou bandi

Imprimé sur papier



Clairefontaine

Reporters sans frontières défend les journalistes emprisonnés et la liberté de la presse dans le monde, c'est-à-dire le droit d'informer et d'être informé, conformément à l'article 19 de la Déclaration universelle des droits de l'homme. Reporters sans frontières compte neuf sections nationales (Allemagne, Autriche, Belgique, Espagne, France, Grande-Bretagne, Italie, Suède et Suisse), des représentations à Abidjan, Bangkok, Istanbul, Montréal, Moscou, New York, Tokyo et Washington, et plus de cent correspondants dans le monde.

sipoze yo ki ap mache lib-e-libè yo jwenn yo e arete yo nan yon tan ki pa twò long. Arestasyon moun sa-a yo ap pote yon gwo kou pou kwaze "rat pa kk-a" nan katye bèlè, kote jounalis yo toujou ap plenyen yo paka antre. Òganizasyon-an espere ke ap gen yon pwose san paspouki.

La-a pwal genyen yon gwo twavay sou do moun kap pwezidan-an: moun ki pwal prezidan ak gouvènman kap soti nan eleksyon-an dwe koupe fache ak safè enpinite-a ki bay demokwasi-a gwo poblèm an Ayiti. Repòtè san fontyè ap kontinye milite pou verite blayi nan 2 gwo dosye ki jis ka prezan pa janm gen swivi pa **Jean Dominique-la** ak **Brignol Lindor**.

Plis pase 5 lane depi yo te asasinen Jean Dominique direktè, analis politik radyo Ayiti entè ak Jean Claude Louissaint gadien estasyon-an jou ki te 3 avwil 2000-la nan Pòtopwens. Rezilta ankèt yo te bay 21 mas 2003-a te enkilpe e fè arete 6 moun ki te fè pati yon goup "chimè" Dymsey Milien alias "Tilou" Jeudi Jean Daniel Ki gen ti non "Guimy", Pilippe Markeington, Ralph Leger, Freud Junior Demaredtes avèk Ralph Joseph. 3 dènye yo te lage jou ki te 4 out 2003-a nan kou dapèl.

Nou apwann nan mwa fevwiye 2004 lè te gen yon soulèvman nan pwizon-an "Tilou" Guimy ak Philippe Markington te pwofite pou yo chape poul yo. Nan mwa septanm 2005, dènye vwayaj nou te fè Ayiti Repòtè san fontyè te apwann nan yon sous ki pwòch dosye Jean Dominique-la ke tilou ak Guimy nan zòn Matisan jounen jodi-a yon kote ki tou pwe pòtopwens kote yo se chèf gann. Kòman-w ta fè konpwann nèg sa-a yo toujou ap sikile san kèkase, menm lè yo konn kote yo ye.

Nan mwa jen 2004 te gen yon delegasyon repòtè san fontyè an Ayiti yo te rankontwe ak pwezidan pou yon ti bout tann, M. Boniface Alexandre, pwemye minis Latortue ak ansyen mini jistis-la mèt Bernard Gousse, yo te di nou ke pwosedi-a pwal kòmanse. Jou ki te 29 jen 2004 la kou kasasyon-an te bay yon òdonans pou louvwi yon lòt ankèt. te gen pwèske 1 nan lè yo te resi nonmen yon jij enstwiksyon, yo pa menm ba l' mwayen pou l' twavay.

Èke-l nòm al pou yon minis jistis anonse piblikman jou ki te 3 avwil 2005 lan 5 lane jou pou jou apwè asasina Jean Dominique-la ke yon jij gen dosye-a nan men-l alòs ke jij sa-a pat gentan wè menm yon pès nan dosye sa-a? Èske-l nòm al apwe 2 lèt ke jij d'estwiksyon-an voye bay minis jistis-la pou-l mande-l materyel nesesè pou-l fè twavay-la rete san repons? Èske-l nòm al pou menm minis jistis ki la kounye-a Mèt Henry Dorleans pa bay bagay sa yo te pwomèt yo:(machinn, chofè, ak sekirite).

Anpil bagay ki vinn fè nou pawè klè nan dosye sa-a depi nan kòmansman. jou ki te 14 mas 2004-la Harold Sevère ansyen majistwa an apwe pòtopwens-la ak Ostide Petion ki gen yon ti non "douz" yo te arete-yo paske yo sispèk yo mele nan asasina Jean Dominique-la. Annette Auguste ke yo rele "sò Ann" ki te reskonsab



OP sou gouvènman Aristide-la yo te arete-l jou kite 10 me 2004-la nan pòtopwens, li vinn antwe nan lo-a tou. Lajistis pajanm entèroje okenn nan moun sa-a yo. menm apwe "tilou" te finn deklare yo te bal 10.000 dola pou-l touye Jean Dominique yo pajanm mennen ankèt sou sa. Pou-n fini, pa janm gen yon limiè ki fèt nan lanmò 2 gwo temwen nan dosye sa-a.

Zafè Brignol Lindor-a se yon lòt gwo dosye kap soufwi e ki fè moun pa fè enstitisyon nan peyi d'Ayiti konfians. Jounalis radyo Eko 2000-la ke yo te touye ak kout wòch ak manchèt jou ki te 3 desanm 2001-an nan Tigwav gen pwèske 4 lane, dosye sa-a toujou rete nan tiwa? Jou ki te 21 avwil 2003-a Fanmi Lindor te pote dosye sa-a nan kasasyon paske lakou dapèl te refize yo kòm pati sivil. Depi plis pase 2 an pi gwo otorite lajistis-la pa janm pwan okenn desizyon sou zafè sa-a alòske yo te dwe pwan 2 mwa pou fèsa. Repòtè san fontyè te vini 2 fwa nan dosye sa-a, an jen ak an novanm 2004, pou mande repwann posedi-a. Reta sa-a fè nou vinn gen anpil pblèm sitou apwe enkèt bouyi-vide ke yo te bay nan sektanm 2002-a.

Tout bagay sa yo fè nou wè te gen yon planifikasyon ak yon pweparasyon pou touye Brignol Lindor. Repòtè san fontyè pèmèt li pou-l redi bagay sa- yo sitou avèk yon rapò Comité citoyenne pour l'application de la justice (CCAJ) yo te bay minis jistis la nan mwa jiyè 2004.

Jou ki te 29 novanm 2001-an swa 4 jou avan asasina jounalis-la, te gen yon konferans de pwès ke patizan fanmi lavalas yo te bay nan Tigwav, Emmanuel Antoine ki te majistwa ak Dumay Bony ki te majistwa an pwe. Bony te voye yon apèl vyolans kont manm konvèjans demokwatik yo ak Brignol Lindor kel te di ki te manm gwoup sa-a. Jou ki te 2 desanm 2001-an, te gen yon lòt reinyon ki te fèt ak manm "dòmi nan bwa" se yon gwoup chimè ki mare sosis yo ak fanmi lavalas. Jou ki te 3 desanm-nan nan maten Joseph Ceus Duverger youn nan chèf bann (dòminan bwa-a) te viktim yon atak ke yo di se manm konvèjans demokwatik-la ki te fèl. Bagay sa-a vinn sèvi pwetèks pou touye Brignol. Nou gen pwèb ke yon dezyèm manm dòmi nan bwa ki te pwèt pou touye Love Augustin la kay-li, (Love se te yon manm konvèjans demokwatik) yo te vinn lage-l pou yo pwan Brignol ki tap pase nan zòn nan.

Malgwe bagay sa-a yo jij Fritzner Duclair te bay yon òdonans jou ki te 16 sektanm 2002-a kote li te retire tout pouwit kont moun ki te sèvo pwezime asasina Brignol Lindor-a. Ansyen majistwa tigwav yo pat janm enkyète. 10 manm gwoup ame dòmi nan bwa-a ki te patisipe nan asasina-a li te enkilpe yo, mèm dapwè avoka fanmi Lindor yo pat arete okenn nan yo. Yon sèl nan bandi sipoze sa-a yo, Joubert Saint just ke popilasyon-an te pwan nan Miragwann li te bay lapolis jou kite 30 mas 2005-lan, men se pou yon lòt zafè.

Pou sa ki konsène demach fanmi Lindor, CCAJ, ak COSOJUBRIL pa janm jwenn okenn swit bò kot pouvwa enterimè-a, ni bò kot pwezidan Alexandre ki se ansyen chèf nan lakou kasasyon-an.

Imprimé sur papier



Clairefontaine

Reporters sans frontières défend les journalistes emprisonnés et la liberté de la presse dans le monde, c'est-à-dire le droit d'informer et d'être informé, conformément à l'article 19 de la Déclaration universelle des droits de l'homme. Reporters sans frontières compte neuf sections nationales (Allemagne, Autriche, Belgique, Espagne, France, Grande-Bretagne, Italie, Suède et Suisse), des représentations à Abidjan, Bangkok, Istanbul, Montréal, Moscou, New York, Tokyo et Washington, et plus de cent correspondants dans le monde.

Tout bagay sa-a yo mobilize repòtè san fontyè pa sèlman met dlo nan je jounalis nan peyi d'Ayiti. bagay sa-a yo fè popilasyon-an pè yo atire atansyon kominote entènasyonal-la. Repòtè san fontyè swete soutni nan nivo pa-l demokwasi nan peyi d'Ayiti, kote pwochen pwezidan peyi-a pwal gen pou-l reponn. Pou bagay sa yo oganizasyon-an mande ke w angajew pou:

- Pou otè ak konplis nan اساسina Jacques Roche yo jije nan yon tan ki pa twò lonn,

- Lakou kasasyon chita vit sou dosye Brignol Lindor-a e ke yo nonmen yon lòt jij d'enstwiksyon,

- Ke lapolis-la arete tout bandi sipoze nan lanmò Jean Dominique-la kap flannen lib-e-libè,

- Ke yo bay bon moyen pou jij yo fè twavay yo,

- Pou gen yon bon kolaborasyon ant jij d'enstwiksyon yo ak polis kap twete zafè lapwès-la,

- Òganizasyon kap defann dwamoun, kòm CCAJ ak COSOJUBRIL dwe asosye ak tout komisyon ankèt oubyen misyon palemantè ki la pou fè limyè sou aktivite gwoup ame ki toujou ap fwape yo. Ke pwochen gouvènman-an ka vinn patnè yo nan etablisman etadedwa-a,

- Pou pwochen gouvènman kap soti nan eleksyon yo angaje-l tout bon vwe nan ranfòsman sistèm lajistis-la nan peyi d'Ayiti espesyalman sistèm penal-la pou enpinite fini nan peyi-a,

Nou espere ke-w pwalpwan angajman devan pèp Ayisyen-an e ke wap kenbe yo si-w genyen.

Chapo ba pou w

Repòtè san fontyè

Imprimé sur papier



Clairefontaine

Reporters sans frontières défend les journalistes emprisonnés et la liberté de la presse dans le monde, c'est-à-dire le droit d'informer et d'être informé, conformément à l'article 19 de la Déclaration universelle des droits de l'homme. Reporters sans frontières compte neuf sections nationales (Allemagne, Autriche, Belgique, Espagne, France, Grande-Bretagne, Italie, Suède et Suisse), des représentations à Abidjan, Bangkok, Istanbul, Montréal, Moscou, New York, Tokyo et Washington, et plus de cent correspondants dans le monde.

Imprimé sur papier



Clairefontaine

Reporters sans frontières défend les journalistes emprisonnés et la liberté de la presse dans le monde, c'est-à-dire le droit d'informer et d'être informé, conformément à l'article 19 de la Déclaration universelle des droits de l'homme. Reporters sans frontières compte neuf sections nationales (Allemagne, Autriche, Belgique, Espagne, France, Grande-Bretagne, Italie, Suède et Suisse), des représentations à Abidjan, Bangkok, Istanbul, Montréal, Moscou, New York, Tokyo et Washington, et plus de cent correspondants dans le monde.

Imprimé sur papier



Clairefontaine

Reporters sans frontières défend les journalistes emprisonnés et la liberté de la presse dans le monde, c'est-à-dire le droit d'informer et d'être informé, conformément à l'article 19 de la Déclaration universelle des droits de l'homme. Reporters sans frontières compte neuf sections nationales (Allemagne, Autriche, Belgique, Espagne, France, Grande-Bretagne, Italie, Suède et Suisse), des représentations à Abidjan, Bangkok, Istanbul, Montréal, Moscou, New York, Tokyo et Washington, et plus de cent correspondants dans le monde.